

PA KREYE PERIL DÈLKO X

PA LAKÒZ GENYEN YON PERIL




Yon dèlko ka tounen bon zanmi ou pandan peryòd siklòn ou yon peryòd blakawout ki pwolonje. Men si ou pa itilize dèlko ou jan ou ta dwe, li ka vin danjere menm lakòz lanmò- lakòz dife, lakòz yon moun elektrokite oubyen anpwazonman ki soti nan monoksid kabon.

SUIV KONSÈY SA YO POU OU GARANTI KE DÈLKO OU PAP LAKÒZ OU GEN LAPENN:



Kite dèlko ou mache deyò yon kote ki balanse, sèch, yon kote ki gen van e ki lwen pòt ak fenèt - li tap pi preferab anba yon kouvèti, nan yonabri oubyen anba yon plywoud. Pa janm itilize'l anndan kay ou, nan yon espas ki fè ou koupi pou ou antre, nan yon sousòl ni yon garaj ki tache avèk kay ou.



Konekte aparèy ou yo sou dèlko a avèk yon "heavy-duty, twa-pong", kòd ekstansyon ki fèt pou ou itilize'l deyò. Pa janm konekte yon dèlko ki pòtab nan koneksyon kay la, yo rele sa "back-feeding". Si ou fè sa ou kapab elektwokite yon vwazen oswa yon anplwaye sèvis piblik itilite ki plizyè kilomèt pi lwen.




Si ou enstale yon dèlko ki pèmanan, asire ou ke se yon elektrisyen ki genyen yon lisans e ki asire ki konekte dèlko a.



Depatman Sèvis Finans

www.MyFloridaCFO.com/Division/Consumers

SUIV KONSÈY SA YO POU OU GARANTI KE DÈLKO OU PAP LAKÒZ OU GEN LAPENN:



Monoksid kabon se yon eleman ki trè toksik, men li pa gen santi. Menm si ou pa santi odè lafimen an, si ou komanse santi ou malad, tèt ou ap vire oubyen ou vin fèb pandan dèlko a ap mache, deplase al pran bon van fre lamenm. Si ou itilize dèlko, li enpòtan ke ou enstale yon alam ki mache a batri ki fèt pou detekte monoksid kabon lakay ou.



Pa janm kite gazolin anndan kay ou, nan yon espas ki kwense ki fose ou koupi pou ou antre, ni nan yon garaj oubyen sousòl si genyen aparèy ki ka pran dife ak gaz. Vapè gaz ka pran dife akòz yon limyè oubyen koub ki nan switch elektrik yo.



Fè adisyon pouvwa ki ap nesese, an "watts" pou tout aparèy yo ak limyè yo ou vle konekte avèk dèlko a. Total sa ou fè a ta dwe mwens ke maximòm watts dèlko a ka mete deyò. Si total la plis ke sa dèlko a ka founi epi tout aparèy yo konekte, dèlko a oubyen aparèy yo ka vin domaje.



Anvan ou remete gaz, tenyen tout aparèy yo, aprè sa tenyen dèlko a pou li ka vin refwadi. Si ou kite gazolin nan koule sou pati motè a, pati motè a ki cho ka pran dife. Asire ou ke ou genyen yon ekstenktè toupre.



Pa manyen dèlko a avèk men ou ki mouye.

POU PLIS ENFOMASYON:

DEPATMAN SÈVIS FINANS POU LETA FLORID
1-877-MY-FL-CFO (1-877-693-5236)

www.MyFloridaCFO.com/Division/Consumers